



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 6 out 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE WI-FI GRATIS NAN KAT PAK ETA ENPÒTAN YO**

### ***Patenarya piblik-prive ofri 18 milyon vizitè opòtinite pou konekte nan park yo chwazi a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke rezo Wi-Fi kounye a disponib gratis a vizitè yo nan Park Eta Niagara Falls, Jones Beach, Saratoga Spa ak East River. Kolektivman, kat pak sa yo akeyi plis pase 18 milyon vizitè chak ane e yo konte pou 30 pousan nan tout vizit yo nan sistèm Park Eta New York. Nouvo sèvis sa te posib pa yon patenarya ant Biwo Eta Park Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Park Eta), Toyota ak Rezo American Park.

“De Niagara Falls a Jones Beach, Eta New York gen yon varyete fòm idab pak nivo mondyal— e nan lanse aksè Wi-Fi nan lokasyon enpòtan sa yo nap rann li pi fasil pase anvan pou vizitè yo pwofite de tout bagay yo ofri,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nan ofri sèvis Wi-Fi gratis nan kèk nan anplasman anplennè enpòtan nou yo nou ka kontinye atire plis moun nan gwo espas anplennè yo - sa kap ranfòse endistri touris ak devlope ekonomi rejyon an nan eta. Mwen fyè paske administrasyon nou an ap fè patenarya avèk sektè prive a sou pwojè enteresan sa, e mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou pase yon ti tan nan eksplòre youn pami anpil pak inik Eta ane sa a.”

Komisyònè Park Eta Rose Harvey te deklare, “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, nap kontinye fè gwo pwogrè pou renouvle sistèm park Eta nou an pou 21<sup>yèm</sup> syèk la. Nou rekonesan pou patenarya nou avèk Toyota ak Rezo American Park pou amelyore eksperyans park vizitè yo anjeneral nan ede pou fè sèvis ki pi nesèsè sa vin disponib. Keseswa ou itilize Wi-Fi pou pataje foto zanmi ak fanmi nan tan reyèl pou eksplòre park nou yo, oswa gen aksè a aplikasyon ak kat, gen opsyon pou pran avantaj teknoloji sa se yon gwo fason pou atire plis moun pou pase tan presye lib yo nan park nou yo.”

Sèvis gratis sa, rele Oh, Ranger! Wi-Fi™, se yon pati nan yon pwogram pilòt ki rann li posib grasa sipò jenere Toyota Prius Plug-in Hybrid. Tout ekipman yo, enkli enstalasyon, te bay gratis pou kontribyab yo tankou yon fonksyon nan patenarya piblik-prive sa ant Park Eta, Toyota ak Rezo American Park. Park Eta yo pral ede devlope konsyantizasyon nan sèvis sa epi kontinye fasone amelyorasyon nan park yo, ouvè pòt pou opòtinite enstalasyon Wi-Fi adisyonèl nan lavni.

Anplis pou bay koneksyon gratis pou plizyè milyon vizitè yo, Oh, Ranger! Wi-Fi™ egalman bay opòtinite pou pi byen siveye tandans sou frekantasyon nan park yo, jenere sansibilizasyon sou pwogram ak aktivite kap vini yo, ankouraje volontarya ak sipò gwoup zanmi park la tankou National Heritage Trust, sa ki sipòte Park Eta New York yo.

Dionne Colvin-Lovely, Direktè Nasyonal, Traditional ak Digital Media, Toyota Motor Sales U.S.A, te deklare “Nou kontan pou nou fè patenarya ak Biwo Park Eta New York, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik pou ede fè Oh, Ranger! Wi-Fi™ yon reyalitye pou plizyè milyon Nouyòkè yo ki vizite park sa yo chak ane. Sipòte bezwen park eta yo ansanm avèk envite yo se yon adaptasyon pafè pou Toyota Prius Plug-in Hybrid. Nou akeyi opòtinite pou fè yon diferans nan kominote lokal yo nan ede yo ajoute valè nan pifò trezò espas lib nan tout Eta New York”

Vizitè yo kap patisipe nan park yo pral ka gen aksè a Wi-Fi nan de etap fasil. Itilizatè yo senpleman chwazi “Oh, Ranger! Wi-Fi™” anba rezo Wi-Fi ki disponib nan aparèy entelijan yo, apresya aksepte tèm ak kondisyon standa, e yo pral nan chemen pou yo gen aksè a entènèt gratis. Pou wè yon demonstrasyon nan nouvo koneksyon Wi-Fi nan Jones Beach [klike la](#).

Rezo American Park Editè & Redaktè anchèf Mark Saferstein te deklare, “Li reyèlman ankourajan pou travay avèk yon patnè kolaboratif konsa ak Biwo park Eta New York. Li ra pou gen yon opòtinite pou fè yon enapik pozitif sou lavi anpil moun. Nou santi nou byen osijè pou bay yon nouvo sèvis ki pral fè park nou yo pi aksesib ankò pou pwochen jenerasyon gadyen ki pral pran swen pou kote spesyal sa yo.”

Erik Kulleseid, Direktè Egzekitif Open Space Institute’s Alliance pou Pwogram Park Eta New York yo, te deklare, “Anons jodia se yon egzanp terifik sou fason patenarya kreyatif ka mennen nan pi bon eksperyans anjeneral pou vizitè park yo. Amelyore eksperyans park la anjeneral atravè sèvis san fil bati sou angajman Gouvènè Cuomo pou amelyore, renove ak restore trezò Park Eta New York yo ak asire ke yo ansekirite, envite ak akeyan pou jenerasyon kap vini yo.”

Robin Dropkin, Direktè Egzekitif Parks & Trails New York, te deklare, “Park Eta New York yo nan mitan yon revitalizasyon enteresan, avèk vizitè ki nan piwo pwèn depi yon deseni. Avèk adisyon Wi-Fi gratis nan park enpòtan sa yo, sistèm park ikonik nou an pral kontinye avanse nan tout vapè nan 21<sup>yèm</sup> syèk la.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*  
**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE

Haitian Creole